

Tanpri mete enfòmasyon elèv la ajou sou sit entènèt: [www.bostonpublicschools.org/contact](http://www.bostonpublicschools.org/contact)

Si sa pa posib, tanpri ranpli tout fòmilè sa a. FÒMILÈ ak DISPANS ki sou paj sa a se DOKIMAN LEGAL ke yo ye. Paran yo ak elev yo dwe ranpli chak seksyon lefini siyen yo, jan nou egzije sa a, epi remèt yo bay lekòl pitit ou an pa pi ta ke VANDREDI, 30 SEPTANM, 2020. Tanpri PA separe paj sa yo.

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ: Si w pa vle non w divilge bay rekritè militè ak/oswa rekritè inivèsite (kolèj), ou dwe verifye e siyen dispans ki nan paj suivan an. Paran w pa bezwen siyen seksyon sa a.

Mèsi!

Non Elèv la \_\_\_\_\_ Dat nesans li (dat li te fèt) \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_ Klas li \_\_\_\_\_ "Homeroom" li \_\_\_\_\_

Adrès kay la \_\_\_\_\_ No. Apt. an \_\_\_\_\_ Kòd ZIP la \_\_\_\_\_

Non Paran an/Responsab la \_\_\_\_\_ Dat nesans Paran an/Responsab la (dat li te fèt) \_\_\_\_\_

No. Telefòn : Lakay \_\_\_\_\_ Selilè \_\_\_\_\_ Travay \_\_\_\_\_

Imel \_\_\_\_\_

Lang prensipal ki pale nan kay la \_\_\_\_\_

Non Paran an/Responsab la \_\_\_\_\_ Dat nesans Paran an/Responsab la (dat li te fèt) \_\_\_\_\_

No. Telefòn : Lakay \_\_\_\_\_ Selilè \_\_\_\_\_ Travay \_\_\_\_\_

Imel \_\_\_\_\_

Lang prensipal ki pale nan kay la \_\_\_\_\_

Si nou pa kapab rantre an kontak avèk yon paran pandan yon ka ijans, osinon pandan yon ka maladi, tanpri ekri non de (2) adilt responsab nou kapab kontkate:

Non \_\_\_\_\_ No. Tel. (Pandan lajounen oswa Selilè) \_\_\_\_\_

Non \_\_\_\_\_ No. Tel. (Pandan lajounen oswa Selilè) \_\_\_\_\_

Èske genyen kèk lòt pwoblèm lekòl la dwe okouran sou yo? Si repons lan se wi, ban nou kèk esplikasyon: \_\_\_\_\_

❶ Nou verifye Gid Lekòl Piblik Boston an pou Fanmi ak Elèv ansanm ([bostonpublicschools.org/familyguide](http://bostonpublicschools.org/familyguide)) ak Regleman Entèn Lekòl yo pou lokal kote pitit mwen an al lekòl la.

❷ Nou konprann ke Gid la genyen ladan l kèk enfòmasyon sou patenarya ant lakay ak lekòl, Regleman sou Pasaj Elèv yo Al nan Klas Siperyè, prezans lekòl, Kòd Konduit la, egzijans konsènan lojman Boston, regleman yo sou jan elèv yo itilize entènèt, lwa konsènan diskriminasyon, dosye elèv, kòman pou yo pran swen e remèt liv matyè yo ak liv bibliyotèk yo, ak kèk lòt règ ak relgeman lekòl toujou.

❸ Nou konprann ke Komite Konsèy Lekòl la apwouve Regleman Entèn Lekòl yo yo, e ke elèv ki vyole yo ka pèdi kèk privilèj.

❹ Nou dakò pou n travay avèk pèsònèl lekòl yo pou asire ke pitit mwen prezan lekòl chak jou (sof pou kèk absans jistifye) epi asire ke l fini devwa lakay li.

❺ Nou li rezime Kòd Konduit la nan paj 9 a 11 livre sa a. Nou diskite Kòd Konduit la. Nou dakò pou n travay avèk pèsònèl lekòl yo pou asire ke pitit mwen an suiv Kòd Konduit la.

Siyati Paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Siyati Elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

### Fanmi Militè:

- Tanpri souple tcheke si elèv sa a se (1) pitit yon moun ki aktif nan lame tankou manb sèvis ak inifòm, Gad Nasyonal (National Guard) ak Rezèv ki sou òdonans, osinon (2) pitit manb oswa veteran ki ranvwaye akòz rezon medikal osinon ki pran retrèt yo.

### Bay Rekritè Sèvis Militè ak Rekritè Ansèyman Siperyè Enfòmasyon

Dapre lalwa Okenn Timoun Pa Dwe Ret Dèyè yo, distri lekòl piblik yo dwe bay non, adrès, ak nimewo telefòn ELÈV LEKÒL SEGONDÈ YO pou rekritman militè Ozetazini ak rekritman ansèyman siperyè. Elèv la OSWA paran li gen dwa pou reklame alekri pou PA pase enfòmasyon sa yo bay. Si ou PA VLE pou yo pase enfòmasyon sa yo bay, tanpri tcheke youn osinon toulede ti bwat kare ki pi ba yo epi siyen pi ba a:

- PA pase enfòmasyon bay REKRITÈ SÈVIS MILITÈ.
- PA pase enfòmasyon bay REKRITÈ ANSÈYMAN SIPERYÈ.

Siyati Paran \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OSWA Elèv (14 an oubyen pi gran)

### Pase Enfòmasyon bay Lekòl "Charter" yo

Lwa Refòm sou Edikasyon nan Masachousèt "Massachusetts Education Reform Law" egzije lekòl piblik yo pou yo bay lekòl "charter" (lekòl prive sou kontra) yo non ak adrès elèv yo dekwa pou yo ka kontakte yo pou envite yo vin enskri. Si ou PA VLE yo bay enfòmasyon sa yo, tcheke ti bwat kare pi ba a epi siyen anba a:

- PA pase enfòmasyon bay lekòl CHARTER.

Siyati Paran \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OSWA Elèv (18 an oubyen pi gran)

### Pase Enfòmasyon Bay Sou Repètwa Elèv yo

Distri a kapab bay "repètwa enfòmasyon sou elèv" yo san konsantman alekri, sofsi ou te fè konnen sa lè ou tcheke ti bwat kare ki anba a ki esplike ou pa vle yo bay enfòmasyon yo. Repètwa enfòmasyon yo se enfòmasyon ki jeneralman pa konsidere kòm danjre oswa ki ka fè yo antre nan vi prive w. Pi gwo rezon an, li pèmèt distri a mete kalite enfòmasyon sa yo nan kèk piblikasyon lekòl la, tankou yon liv pwomosyon klas final, journal, afich, oswa lisdonè (Honor Roll). Repètwa enfòmasyon genyen ladann: non elèv, laj, grenn nimewo idantifikasyon leta a, katye kote yo rete, nan ki klas oubyen nan ki ane yo ye, dat enskripsyon, patisipasyon nan aktivite ofisyèl yo, manm nan ekip atletik, degre, onè, ak prim, epitou plan yo genyen apre yo fin diplome.

Sof si ou fè nou konnen ou pa vle sa, distri a kapab pase enfòmasyon nan Anyè (Katalòg) la bay dapre kèk sikonstans. Distri a rezève dwa li pou kenbe nenpòt enfòmasyon si Distri a kwè sa nan pi bon enterè elèv nou yo. Men, distri a pral revele enfòmasyon yo depi lalwa egzije sa.

Tanpri, tcheke ti bwat kare ki anba a si ou pa vle distri a pase enfòmasyon bay sou elèv ou a nan Anyè a.

- MWEN PA VLE yo pase enfòmasyon bay sou pitit mwen an. Lè mwen chwazi opsyon sa a, mwen konprann non pitit mwen ak / oswa foto li PA pral parèt nan liv pwomosyon fen ane lekòl la, bilten, pwogram, ak lòt piblikasyon ak lekòl la oswa distri a; epi okenn enfòmasyon PA pral pase bay lòt òganizasyon ki patnè yo ki ka bay elèv yo sèvis.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OSWA Elèv (18 an oubyen pi gran)

## Aparisyon nan Medya

- M bay Lekòl Piblik Boston pèmisyon pou li fè pòtre, pou anrejistre fim, chita-pale, ak/oubyen ekspozisyon piblik, pou lekòl la distribye oubyen publiye alekri oswa nan medya elektwonik non pitit mwen an, aparans li ak sa l di ak travay li pandan ane lekòl 2020-2021la, menm si se anplwaye lekòl la, elèv oubyen lòt moun ki pa nan lekòl la, ak tout medya a ki antreprann demach sa a. M dakò pou Lekòl Piblik Boston sèvi oubyen pèmèt lòt moun sèvi ak travay sa yo gratis epi san limitasyon. M pap mete okenn chaj sou do lekòl pitit mwen an ak tout anplwaye Lekòl Piblik Boston, ni reklame anyen nan men yo apre pitit mwen an fin parèt oubyen patisipe nan travay sa yo.
- MWEN PA BAY pèmisyon pou non pitit mwen, pòtre li, pawòl li di ak travay li parèt nan medya jan sa dekri pi wo a.

Siyati Paran

Paran OSWA Elèv (18 an oubyen pi gran)

Dat

## Regleman ki Akseptab pou Itilize Teknoloji ak Tout Entènèt

- Antan paran oubyen moun ki responsab elèv sa a, mwen te li Regleman Ki Akseptab pou Itilizasyon Entènèt nan paj 4 livrè sa a epi mwen te diskite li ak pitit mwen an. Mwen konprann sèvis konpitè Lekòl Piblik Boston yo bay la se pou ranfòse travay akademik dapre pwogram BPS yo, eke nenpòt lòt sèvis elèv la ta fè ak zouti sa a pa apwopriye. Mwen rekonèt tou li enposib pou BPS ta rive bloke tout materyèl dwòl, epitou mwen pa pral rann lekòl la responsab pou anyen ki ta pase atravè rezo entènèt lekòl la. Mwen konprann menm lakay mwen dwe voye je sou aktivite konpitè pitit mwen an paske sa ka gen konsekans sou travay akademik li nan lekòl la. Konsa mwen bay pèmisyon pou otorize pitit mwen an sèvi ak konpitè ki nan lekòl Piblik Boston yo.
- MWEN PA BAY pèmisyon pou pitit mwen an sèvi ak resous, ak tout "Google Apps" pou Ediksyon, nan Lekòl Piblik Boston yo.

Siyati Paran

Dat

## ELÈV YO DWE SIYEN DEKLARASYON ANBA A KI ANRAPÒ AK KIJAN POU SÈVI AK TEKNOLOJI:

Antan elèv nan Lekòl Piblik Boston, mwen konprann itilizasyon rezo entènèt ak imel se yon privilèj nan lekòl Boston yo, se pa yon dwa. Mwen konprann rezo entènèt lekòl la ak kont imel yo se byen BPS epi yo pa zafè prive pèsonn. BPS gen dwa gade enfòmasyon ki nan bwatalèt mwen nenpòt kilè. Mwen konprann administratè BPS yo gen dwa deside ki konduit ki pa apwopriye menm si li pa defini nan kontra sa a. Mwen pral sèvi ak teknoloji yon fason ki respekte lalwa peyi Etazini ak Leta Masachousèt. Mwen konprann mwen dwe rele yon granmoun tousuit si mwen ta tonbe sou yon materyèl ki vyole itilizasyon ki pa akseptab sa a.

M konprann epi mwen dakò pou mwen soumèt mwen ak Regleman Pou Sèvi ak Entènèt Ki Akseptab nan paj 4 livrè sa a. M pral sèvi ak resous teknoloji BPS yo yon fason ki responsab epi ki pwodiktif pou regle koze lekòl. M pa pral sèvi ak resous teknoloji a nan yon fason ki ta ka deranje aktivite lòt moun k ap sèvi ak li. Mwen konprann konsekans m ka sibi se pèdi privilèj pou sèvi ak teknoloji ak/ oswa lòt pinisyon jan sa ekri nan Kòd Konduit la epitou menm pase anba men lalwa kit eta a kit federal.

Siyati Elèv (5 an ou plis)

Dat

## Boston Saves

"Boston Saves" se yon pwogram Vil Boston (EDIC) dirije pou ede fanmi Lekòl Piblik Boston yo sere kòb pou lavni pitit yo. Li fè sa nan fason l founi chak elèv elijib avèk yon kont ekonomi ki vin ak 50\$ pou kolèj (inivèsite) oswa pou fòmasyon pwofesyonèl. Partisipasyon fanmi yo nan pwogram nan pèmèt yo jwenn ankourajman pou yo sere lajan paske y ap sere l nan yon kont ki konsakre pou sa menm. Pou w aprann plis sou sa e pou w verifye elijibilite w, ale sou sit entènèt : [bostonsavesca.org](http://bostonsavesca.org).

Si w bay pèmisyon w pou w patisipe nan "Boston Saves", ou dakò pou pèmèt Lekòl Piblik Boston pataje enfòmasyon suivan yo avèk pèsonnèl pwogram "Boston Saves" yo: non elèv la, nimewo idantifikasyon etidyan inik elèv la (SASID), non lekòl li, ak klas l ap fè a. .

- Wi, mwen bay pèmisyon m pou m patisipe.
- Non, mwen pa vle patisipe.

## Tès Depistaj

Kòm pati dosye sante lekòl chak elèv, BPS fè kèk tès depistaj - eta a egzije. Nou evalye wotè, pwa, chita/kanpe, vizyon, ak tande elèv yo, detanzantan, apati klas jadendanfan K1 jiska klas 10yèm ane. Make kare anba a epi siyen si ke ou PA vle Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sa yo sou pitit ou.

- Mwen PA vle bay pèmasyon pou Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit mwen pou mezire wotè l, pwa l, chita l/kanpe l, vizyon l, ak tande l.

Siyati Paran an \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

Apati 2017, tout distri lekòl Massachusetts yo ap oblije fè yon depistaj prevansyon kont abi dwòg pou elèv klas 7yèm ak 10yèm ane. Zouti tès depistaj la rele pwotokòl Depistaj, Entèvansyon Brèf, ak Referans pou Tretman - "Screening, Brief Intervention, and Referral to Treatment (SBIRT)". Pwotokòl SBIRT la rann yon konvèsasyon patikilye fasil ant chak elèv ak yon enfimye oswa yon konseye lekòl nan yon efò pou fè prevansyon kont kòmansman itilizasyon kèk sibstans (dwòg) ki danjre, tankou alkòl oswa mariwana, oudimwens ralanti itilizasyon sibstans sa yo. Pwogram sa konsantre sou ranfòsman desizyon ki bon pou sante epi abòde enkyetid konsènan konpòtman ki anrapò ak abi sibstans (dwòg) avèk objektif pou amelyore sante, sekirite, ak siksè lekòl. Make kare anba a epi siyen si ke ou PA vle Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit ou an.

- Mwen PA bay pèmasyon pou Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit mwen an pou egzamine l pou itilizasyon sibstans dwòg (SBIRT).

Siyati Paran an \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

## Enfòmasyon Medikal Enpòtan

Mwen konprann lekòl la pral pran si pitit mwen an bezwen tretman medikal ak / oswa medikaman pandan lekòl la. Mwen konprann li trè enpòtan ke lekòl la ka jwenn mwen si gen ijans pwoblèm medikal.

**Si swen medikal ijan nesèsè epi nou pa ka jwenn ou, èske ou otorize anplwaye lekòl la pou chache tretman medikal?**

- WI  NON

Konpayi Asirans Sante:  BCBS  Tufts  HPHC  Medicaid  Masshealth  Lòt \_\_\_\_\_

Nimewo Asirans la \_\_\_\_\_

Non Doktè a \_\_\_\_\_ # Tel. \_\_\_\_\_

Lopital/Sant Sante kote pou mennen pitit ou a sizoka li malad: \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ # Tel. \_\_\_\_\_

Èske pitit ou an genyen okenn pwoblèm sante enfimye lekòl la dwe konnen? Tanpri ansèkle: AZMA (OPRESYON), DYABÈT (SIK), ANEMI FALSIFÒM (TRÈ A/MALADI A) ALÈJI KI KA MET LAVI LAN DANJE, BAY MANJE NAN TIB ("G-TUBE"), ANGWAZ, DEPRESYON. Tanpri deklare nennèt lòt pwoblèm sante: \_\_\_\_\_

Èske pitit ou an pran okenn medikaman toulejou?  WI  NON Si wi, tanpri deklare sa anba a.

Èske pitit ou an pran medikaman "lè l genyen bezwen pou sa" lakay oswa lekòl?  WI  NON Si wi, tanpri deklare sa anba a.

*Tout elèv k ap pran nenpòt kalite medikaman pandan l lekòl dwe prezante lòd yon doktè ki genyen siyati yon paran/gadyen responsab sou li, epi l dwe bay enfimye a medikaman an nan boutèy li ak tout etikèt famasi a sou li.*

Non medikaman an (yo) \_\_\_\_\_ Lè (yo) pou l pran l: \_\_\_\_\_

Alèji : Manje \_\_\_\_\_ Medikaman \_\_\_\_\_ Latèks \_\_\_\_\_ Mòde (Pikan) Myèl \_\_\_\_\_

Pwoblèm vizyon ou okouran?  WI  NON Linèt toutan  Kèk fwa  Pou ki aktivite? \_\_\_\_\_

Pwoblèm tande ou okouran?  WI  NON Aparèy pou tande/Pwotèz:  WI  NON

Èske timoun nan te fè operasyon, te malad, osinon te blese nan ane ki sot pase la a? Si wi, tanpri deklare: \_\_\_\_\_

Èske yo te dyagnostike timoun nan ak yon blese oswa yon chòk nan tèt pandan ane ki sot pase a? Si repons la se wi, tanpri bay kèk esplikasyon: \_\_\_\_\_

Siyati Paran an \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_